

O Gid Pou Ou Chèche Travay

Your Job Search Journal



Chèche yon karyè:

Oumenm ak djòb makèt la

Ba tèt ou valè sou papye:

www.Mass.gov/dcs Rezime, aplikasyon, ak lèt ki mache ak rezime yo

Kontak:

Jwenn djòb ou vle a

Entèvyou:

Pase tès fas a fas la

Planifye jan ou ap chèche travay la:

Pran angajman an



Sèvi a kaye sa a pou ou chèche travay

Gid pou ou chèche travay la se zouti Divizyon travay ak aprantisaj genyen pou ede ou jwenn yon djòb vit. Li chaje ak enfòmasyon ak egzèsis ke ou ka ranpli pou kont ou. **Kaye pou ou chèche travay** la se youn nan jan ki ka ede w jwenn djòb kap bon pou ou a.

Kòmanse wout pou pwochen travay ou a konsa

- òganize jan ou ap chèche travay la
- chèche konnen epi aprann pale de sa ou konn fè byen
- aprann ekri rezime ak aplikasyon ki djanm
- dekouvri sa pou ou met nan lèt ki akonpaye rezime w la kap fè yo rele w pou ou fè entèvyou
- jwenn nouvo sous enfòmasyon travay
- prepare w pou djòb entèvyou
- deside si yon djòb an fòm pou ou

Fè biwo Sant karyè One-Stop la travay pou ou. Gen sant toupatou nan Massachusetts e sant sèvis sa yo ofri yon pakèt sèvis sou zafè travay tankou:

Plizyè milye lis djòb nan tout Massachusetts la ak nan tout peyi a tou.

Bank travay nan Massachusetts la ofri pi gran list elektwonik sou travay ki disponib nan New England. Gen nouvo lis ki parèt chak jou, donk tcheke sèvis sa a ke nou chanje chak jou a tout tan ke ou vle. Al nan entènèt la pou plis djòb ak enfòmasyon sou chèche travay.

Resous ou ka itilize

Ou ka konsidere biwo nou an tankou pwòp biwo w, machin faks, telefòn, machin fotokopi disponib pou ou kopye epi fakse rezime w epi tou pou ou rele travay yo. Nan materyèl ki genyen yo, se jounal ki gen enfòmasyon sou mache djòb la, lis resous yo, lis ki gen pou l wè ak la swenyay timoun, enfòmasyon sou transpòtasyon materyèl ki gen referans sou chèche travay, ak pwogram konpitè k ap ede w devlope epi ranje rezime w la.

Klas sou chèche travay

Daprè kote ou ye a ou kap pran avantaj de yon pakèt klas soti sou teknik sou jan ou ka fè entèvyou pou ou rive nan jan pou ou ekri rezime, soti nan jan pou ou chèche yon karyè pou ou rive nan jan pou ou chèche kontak. Rankontre ak lòt moun kap chèche travay ki konsène menm jan avè w epi tande ide yo ak eksperyans yo sou keksyon chèche tavy la.

Espesyalis ki gen eksperyans nan chèche travay ap ede w

Anplwaye sant karyè yo la pou yo ba ou sipò yo tout tan ou ap chèche travay la e ke ou vle enfòmasyon sou djòb ak konpayi nan Massachusetts yo, oubyen konsèy sou chèche travay ou ap jwenn moun ede ou.

Gid pèsònèl ou pou ou chèche travay - Sa ki gen nan Gid la

	Gid pou ou chèche travay la.....	2
	Ou fèt pou ou konnen dwa ou lè ou ap chèche travay	4
Chapit 1-Chèche yon Karyè: Oumenm ak Mache djòb la	Rete Motive Pandan Ou ap Chèche Travay	6
	Avantaj ou genyen pou ou jwenn yon djòb rapid.....	7
	Etap pou ou planifye karyè w	8
	Kisa ou bezwen	9
	Djòb ideyal la	10
	Valè ki gen nan travay.....	11
	Konnen kisa ou fè byen.....	13
	Kisa ou fè byen ou ka ofri nan yon travay tou nèf	14
	Jan pou ou Aprann sou Karyè ak mache travay la	15
Chapit 2- Ba tèt ou Valè sou pape: Rezime, Aplikasyon ak Lèt	Devlope yon rezime ki djanm.....	16
	Jan konpayi yo panse de rezime	17
	Mo aksyon pou ou mete nan yon rezime.....	18
	Peze sou sa ki bon ke ou reyalize	19
	Modèl Rezime	20
	Bagay ou pa janm Mete nan yon Rezime.....	21
	Rezime ki djanm: Chèche konn si rezime w la bon	22
	Konsèy pou ou ranpli yon fòm aplikasyon.....	23
	Lèt ki Mache ak Rezime	24
Chapit 3- Kontak: Jwenn Djòb ou Vle a	Dis Konsèy pou ou Ekri yon Lèt Djanm pou ou Voye a Rezime a.....	25
	Pou kisa ou fèt pou ou gen Kontak	26
	Frape pòt ki ap bon pou ou yo.....	27
Chapit 4- Entèvyou: Pase Tès fas a fas la	Prepare Lis Kontak ou ak Referans ou	28
	Sèvi ak telefòn ou pou ou kab jwenn entèvyou pou travay	29
	Konsèy sou Entèvyou	30
Chapit 5- Plan pou ou Chèche Travay: Pran Angajman an	Estrateji sou Entèvyou ki kapab ba ou yon avantaj.....	31
	Sa ou gen pou ou fè apre yon Entèvyou	33
	Modèl Lèt pou ou voye apre yon Entèvyou.....	34
	Jan pou ou fè pou ou pa pèdi tan	35
	Modèl Plan de sa pou ou fè nan semèn nan.....	36
	Modèl de Kalandriye Plan ou pou Mwa a	37
	Modèl jan pou anrejistre kote ou Sispèk ki gen Travay.....	38

Konnen Dwa w Genyen Devan

La Lwa lè w ap Chèche Travay

Keksyon Anvan Ou Travay		
Kategori:	Sa Yo ka Mande W	Sa Yo pa ka Mande W
Laj Ou	Èske ou se yon minè ki gen mwens ke 18 lane? Èske ou gen prèv ke ou gen 18 Lane oubyen plis? Yo ka poze keksyon sa yo si yo baze sou yon kalifikasyon espesifik ke komi-syon an te deja garanti oubyen si se nesesè pou yo regle lwa ke leta oubyen gouvènman federal la te mete sou pye; tankou, kounyè a kèk djòb sou site piblik la gen laj limit pou ou rantre ladan yo epi pou ou retirete	Ki lè Ou Te Fèt Ki laj ou genyen?
Zansèt ou ak Peyi ou Soti	Pyès keksyon	Ki lang ou pale oubyen ki ès ki zansèt ou oubyen nan ki peyi ou soti?
Ki Kote Ou Te Fèt	Pyès keksyon	Ki kote ou te fèt? Ki kote mari w/madanm ou te fèt? Ki kote manman w, papa w, oubyen lòt moun nan fanmi w te fèt?
Nasyonalite w	Èske ou se yon Sitwayen Meriken? Èske yon gen lentansyon vin fè w Meriken?	Èske paran w/mari w / madanm ou nati-ralize oubyen yo te fèt nan peyi a? Kilè oumenm oubyen yo te fè yo Meriken?
Karaktè	Èske ou onèt? Èske moun kab fè w konfyans	Èske ou mache nan yon legliz? Èske ou al legliz tout tan?
Dosye Kriminèl	Èske yo janm jwenn ou koupab de yon krim? Nan 5 dènye ane ki sot la yo Èske yo janm jwenn ou koupab oubyen fèmen w nan prizon, epi apre yo lage w pou yon krim ki pat paske ou te ap kondi sou, pou yon menas, oubyen pou vitès, oubyen pou yon kontravansyon oubyen paske ou te ap trouble la pè piblik?	Èske yo janm arete w? Èske yo janm jwenn ou koupab de yon krim
Depandan	Pyès keksyon	Èske ou gen timoun? Èske ou gen pwojè pou ou fè timoun? Kijan ou gen tan ranje pou ou fè gade timoun yo pou ou?
Edikasyon	Nan ki likòl, kolèj, oubyen lekòl kote moun aprann metye ou te etidye, oubyen diplome?	Yo paka sèvi a repons sou keksyon “kilè ou tal lekòl oubyen kilè ou te gradye pou yo ka chèche konnen ki laj ou genyen

Keksyon Anvan Ou Travay

Kategori:	Sa Yo ka Mande W:	Sa Yo pa ka Mande W
Eksperyans	Pale nou de travay ou te pase deja yo	Yo paka sèvi a repons sou keksyon dat ou premye kòmanse travay pou yo ka chèche konnen ki laj ou genyen
Andikap	Okenn Keksyon	Èske ou se yon andikap? Ki kalite andikap ou genyen? Nan ki eta andikap ou a ye?
Estatè Maryaj	Èske ou marye? Yo ka mande w sa sèlman si yo mande ni fanm ni gason menm keksyon sa a.	Ki siyati ou te genyen anvan ou te marye? Oubyen okenn lòt keksyon ki kap fè konnen si ou se fanm oubyen gason
Eksperyans Militè	Èske ou se yon veteran ameriken? Pale nou de sèvis ou nan kò lame meriken.	Èske ou ap resevwa kèk sèvis ki gen anyen pou l wè ak pansyon pou moun ki andikape?
Òganizasyon	Èske ou fè pati de okenn òganizasyon kap pale de jete gouvènman meriken an nan fè vyolans?	Èske ou se yon manb “NAACP/, B’nai, oubyen B’rith?” Oubyen sou nenpòt lòt òganizasyon nan menm stil la, si non li oubyen karaktè l fè konnen ki relijyon, koulè oubyen peyi kote moun ki ladan l yo soti.
Ras	Okenn Keksyon*	Ki ras ou, koulè w? Oubyen pou ou mete yon foto w lè w ap fè aplikasyon an.
Fanmi	Okenn Keksyon	Kibò madanm ou, mari w, manman w, papa w, oubyen nenpòt moun nan fanmi w travay, oubyen mennen biznis yo?
Relijyon	Okenn Keksyon	Nan ki relijyon, legliz, oubyen tanm ou mache? Ki obligasyon ou genyen a koz de relijyon w? Ki jou ou pran pou ou pa al travay akoz de relijyon w?
Sèks	Okenn Keksyon eksepte si Komisyon an ba yo yon kalifikasyon espesyal (BFOQ) pou djòb la*	Okenn keksyon sof si Komisyon an bay yon BFOQ.
Preferans Seksyèl	Okenn Keksyon	Ki preferans seksyèl ou? Èske ou se yon gason pederas/lesbyèn

*Eksepte pou koze afirmativ aksyon sèlman
Sous: Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon

Toujou Rete Sou sa tout Tan Ou ap Chèche Travay la

Kenbe tèt oubyen wo:

Gen de pafwa li trè difisil pou yon moun pa pran echèk difisilman. Lè yo revoke w ak lè moun ap deside ki moun li ap chwazi pou yon travay pa gen anpil bagay pou sa yo wè ak pèsonalite w. Rezipte a tout tantasyon ki ta vle fè ou fache a tèt ou. Eseye pou ou wè si ou pa ta pèdi twòp tan ak move eksperyans ki te pase deja. Trete tèt ou ak respè.

Òganize w:

Òganize yon plan pou ou chèche travay chak jou oubyen chak semèn. Wè si ou ka kenbe yon orè yon fason pou ou pa bilye bagay ki enpòtan, oubyen pou ou pa pèdi twòp tan ap mande tèt ou kisa ki pwochen bagay pou ou ta fè. Chèche yon bon travay se obligasyon ki mande yon bon 40 èd tan chak semèn.

Fè egzèsis chak jou:

Apa de ede li ap ede w ret an sante, egzèsis ap ede okenn sansasyon depresyon lwen de oumenm. Depresyon fè nou pèdi kantite aktivite nou ka gen nan kò nou. Aktivite chanje jan kò nou fonksyone yon fason pou nou ka santi nou pi byen e anvè mennen plis aktivite toujou.

Kontwole Emosyon w:

Pran konsyans de jan ou ap kontwole emosyon w. Lè yo di yon moun reskonsab, sa vle di moun sa a konn kijan pou l kontwole emosyon l. Fache se yon emosyon ki kab difisil pou yon moun boule avè l. Si ou fache a tèt ou, ou gen anpil chans pou rann tèt ou malad. Si ou dirije fache ou fache a sou moun ki inosan (tankou fanmi w, zanmi w, oubyen moun ki kapab vin bòs ou) ou pa konpòte w tankou moun ki reskonsab.


Avantaj Ou Genyen Pou Ou Jwenn Yon Djòb Rapid

**Met sa yo daprè enpòtans
yo genyen pou ou**

- ___ Touche Lajan
- ___ Endepandans
- ___ Bon egzanj pou pitit ou
- ___ Respè pou tèt ou
- ___ Sosyalize / rankontre nouvo moun
- ___ Gen konfyans nan tèt ou
- ___ Kontwole tèt ou
- ___ Sèvi a kalite ou genyen
- ___ Jwenn sa ou pot ko konnen ou te konn fè byen
- ___ Ankouraje sèvèl ou kò w, ansanm ak lespri w
- ___ Bati listwa travay ou
- ___ Fòk ou gen fyète, ak diyite pou tèt ou ak fanmi w
- ___ Met yon lavi miyò lakay ou
- ___ Timoun yo vin pi endepandan
- ___ Met pi bon mwayen ekonomik nan kay la
- ___ Retrèt / pansyon
- ___ Sante ak lòt benefis

**Fè yon lis de twa lòt avantaj
pou tèt ou**

Etap pou Ou Planifye Karyè w



1. Gade kote w ye

- ◆ Enterè
- ◆ Valè
- ◆ Kalite
- ◆ Sa w realize
- ◆ Sa ou pi pito ak sa ou bezwen

2. Chèche Karyè ak djòb ou wè ki ale ak pèsonalite w

3. Konprann Mache Travay la

- ◆ Okipasyon
- ◆ Endistri
- ◆ Travay
- ◆ Ekonomi Lokal la ansanm ak Travay yo

4. Chèche konn ki bi w epi fè yon plan ki jan ou ap fè pou ou rive.

Kisa Ou Bezwen

Èske bagay sa yo pi ba a se bagay ki konsène w lè w ap planifye karyè w? Si yo konsène w, mete yon ti kwa nan ti bwat ki bò kote yo a, epi make yon bagay byen espesifik a tèt ou, epi kijan ou kab fè pou ou rezoud li nan ranje ki make “Pwen Espesifik” ak “Solisyon” an. **Sonje ke anplwaye Sant pou Karyè yo ka ede w jwenn solisyon sila yo!**

Jan de Bagay Ou Bezwen	Pwen Espesyal	Solisyon
<input type="checkbox"/> Gadri pou Timoun yo <input type="checkbox"/> Lòt Responsablite Fanmi an <input type="checkbox"/> Transpòtasyon <input type="checkbox"/> Zafè Lajan <input type="checkbox"/> Edikasyon <input type="checkbox"/> Antrenman <input type="checkbox"/> Kote djòb yo ye <input type="checkbox"/> Zafè Sante <input type="checkbox"/> Lòt Kozman:		

Djòb Ou tap pi Renmen an

- ◆ Ou ta pito travay nan yon kote tankou ò jan de endistri, kantite moun kap travay, etc.:
- ◆ Ou ta pito travay nan yon vil, yon bouk tankou:
- ◆ Ou ta pito travay a lè sa yo:
- ◆ Ou pito yon travay:
 - ki mande pou ou vwayaje
 - ki pa mande pou ou vwayaje
- ◆ Kòman ou vle al travay?
- ◆ Èske ou anndan oubyen deyò? Si ou imajine ke se deyò ou ye, ki kote ou ye? Èske ou nan yon forè, yon pak, nan lari nan mitan yon vil? Si ou imajine ke ou andedan, ki kote ou ye? Èske ou nan yon kay ki gen biwo, yon magazen, yon faktori? Ki gwosè kay la?
- ◆ Ki aktivite ou ap mennen? Èske ou ap ekri, èske w ap bati yon bagay, èske w ap pale ak yon moun, èske ou ap ranje yon bagay, èske w ap travay sou yon konmpitè, èske ou ap fè yon lòt bagay?
- ◆ Èske genyen lòt moun bò kote w? Konbyen ki genyen?
- ◆ Èske w ap travay ak lòt moun sa yo? Konbyen yo ye? Kijan w ap travay ak yo?
- ◆ Ki kantite lajan w ap touche
- ◆ Nan ki kalite bagay ou trè bon nan travay ou?
- ◆ Kisa ou renmen nan travay ou?

Ekri plis bagay sou jan ou ta renmen poudjòb ou ta pi renmen an ye nan espas vid ki pi ba a:

Valè Travay Ou

Sil vou plè tcheke kisa ki te enpòtan nan yon djòb ke ou te genyen deja e kisa ladan yo ou ta vle ki pou genyen nan lòt djòb ou ta renmen genyen an.

Valè	Definisyon	Te gen nan ansyen djòb	Kisa ou vle nan pwochen djòb
Kisa ou Reyalize	Santiman pèsonèl ou pwofesyonèl ke yon moun reyalize yon bon bagay		
Pwomosyon	Opòtinite pou yon moun pran pwomosyon		
Otorite	Responsablite pou di lòt moun ki travay pou yo fè		
Otonomi	libète pou ou parèt ak pwòp jan pa w pou ou fè travay ou		
Defi	Yon djòb ki mande meyè jan pou ou itilize (sa w genyen pou ou travay avèk yo) zouti w epi fèl pi fasil pou ou kab boule ak nouvo sitiyasyon an		
Konfò	Yon ti kal presyon, pi piti pwoblèm posib		
Konfomite	Opòtinite pou yon moun aji dirèkteman sou jan yon òganizasyon ap byen mache		
Patisipasyon	Opòtinite pouw gen enpak sou siksè òganizasyon ou		
Kooperasyon	Travay nan yon kote ki gen moun ki janti e ki antann yo avè w		
Kreyativite	Opòtinite pou yon moun chanje epi boule ak nouvo pwoblèm, change jan w ap boule ak pwoblèm yo souvan e chak fwa yo parèt.		
Biznismann	Ou deside pou ou travay ak tèt ou, devlope yon sèvis tou nèt , kòmanse yon pwogram tou nèt		

Valè Travay Ou (cont.)

	Definisyon	Te gen nan ansyen djòb	Kisa ou vle nan pwochen djòb
Valè	Kote w ap travay la mache jan ou ta renmen pou l ye a		
Anviwonman	Kontak onèt yon moun genyen tan zan tan avèk lòt moun		
Patisipasyon	Opòtinite pou yon moun aprann anpil nouvo bagay		
Konesans	Pran responsablite epi dirije travay lòt moun, pran desizyon ki afekte lòt moun, epi sipèvize		
Yon lidè	Opòtinite pou yon moun vwayaje		
Deplasman	Ase tan pou yon moun rapousib aktivite apre travay, epi oubyen lè l pa avèk fanmi l		
Tan pou tèt ou	Yon djòb ki ba ou pakèt estati ak respè		
Prestij	Yon moun ki responsab pou djòb ki enpòtan		
Responsablite	Travay ki pa konplike epi ki òganize yon jan poumenm aktivite nan travay la kap repete tan zan tan.		
Woutin aktivite	Yon moun ki touche byen pou travay lap fè		
Salè	Yon djòb ki pa gen anpil chans pou yo elimine l.		
Sekirite	Yon travay ki ede lòt moun		
Enterè sosyal	Travay ki mande plizyè responsablite ki pa menm.		

Chèche Konn sa W Fè Byen

Egzèsis sa a ap ede w idantifye anpil nan sa ou konn fè byen. Premyèman fè yon lis de kèk djòb ke w te pase epi responsablite w pou chak djòb sa yo. Idantifye kisa ou te konn fè pou ou rive respekte responsablite w. Epi tou fè yon lis de travay ou fè san w pa touche, tankou travay volontè, rezidans, sa w renmen fè lè w pap travay pou amize w, epi eksperyans nan travay nan kay. Idantifye responsablite ou te genyen oubyen sa w te konn fè nan aktivite sa yo e kijan ou te konn manniganse poubyen fè travay sa yo.

A. Djòb ou te genyen deja Pozisyon

Pozisyon	Responsabilite	Kisa ou fè byen
Resespsyonis	Reponn telefòn Travay nan biwo	Disiplin, Kominikasyon
Moun ki ap vann kay	Sipèvize kay, Demachè Voye jye sou biznis kap mennen ant moun ki nan vann kay	Tape sou machine a ekri, travay byen ak men w, sipèvize, koreksyon

Djòb ou te genyen deja Pozisyon

Responsabilite

Kisa ou fè byen

B. Lòt aktivite (tankou travay volontè, rezidans, sa w renmen fè aktivite de travay nan kay)

Aktivite	Responsablite	Sa w fè byen
Travay nan kay	Leve timoun fè manje	Òganizasyon, Yon Lidè Kominikasyon, Bidjè Fè matematik byen Òrganizasyon, Travay byen ak men w

Lòt aktivite ou menen (travay volontè rezidans, travay nan kay, etc)

Aktivite	Responsabilite	Sa w fè byen
----------	----------------	--------------

Sa W Konn Fè byen Ou ka Pote nan lòt Travay

Yon bagay ou konn fè byen ka menen akè w nan yon lòt travay se yon bagay ki pa gen pou l wè ak yon sèl djòb sèlman men se yon bagay ke ou ka sèvi avè l nan yon pakèt lòt sitiyasyon

Sa ou Konn Fè Byen

Sa ki an ba yo se yon lis de bagay pèsonel ke yon ban ladan yo ki ka trè zenpòtan nan jan ou ap adapte w e pou bon pèfòmans nan yon travay byen patikilye oubyen pou yon metye patikilye, fè yon moun nan sa ou wè ki sanble avè w yo.

Presizyon	Pa penyen lage	Ge pasyans
Anbisyon	Respekte lòt moun	Kenbe jisko bou
Yon Atis	Fleksib	janti
Sou la bal	Gen franchiz	Pratik
Atantif	Janti	Met pwen sou lèzi
Kalm	Pa chich	Dousman
Kapab	Remen travay	Moun ki pap viv nan rèv
Souriyan	Panse sa ki bon	Moun ka konte sou ou
Panse byen	Onèt	Chaje ak konesans
Entelijan	Renmen fè moun ri	Reskonsab
Konpetitif	Gen imajinasyon	Kwè nan tèt ou
Pran ka moun	Yon lidè	Sansib
Antann ou ak lòt	Moun renmen w	Sensè
Kreyatif	Gen lojik	Sosyab
Moun ka konte sou ou	Moun ka konte sou ou	Toujou sou labal
Deside	Gran moun	Fini sa w kòmanse
Pa pale anpil	Pa gen ti lespri	Toleran
Antann ou ak tout moun	Panse sa ki bon	Moun ka kwè w
Fè afè w byen	Òganize	Konprann lòt
Gen enèji	Sosyab	Kapab fè plizyè bagay

Rezime: Regade lis ou a epi chwazi sa ou panse ki pi sanble avè w yo.

- | | | |
|----|----|-----|
| 1. | 5. | 9. |
| 2. | 6. | 10. |
| 3. | 7. | 11. |
| 4. | 8. | 12. |

Jan pou oujwenn enfòmasyon sou metye yo ak mache djòb la

Si w ap chanje metye, fò w ka fè yon ti rechèch pou konn ki chwa ou genyen sa ki anba a se plizyè jan pou ou aprann plis sou metye yo.

- ✓ Chèche konn moun kap travay sou metye sa yo deja epi pale avè yo.
- ✓ Chèche enfòmasyon sou metye sa yo- ou ka jwenn liv sou metye yo nan kote n ekri pi ba yo
 - ◆ Sant pou karyè One-Stop
 - ◆ Bibliyotèk minisipal
 - ◆ Bibliyotèk lekòl tenik pwofesyonèl
- ✓ Ekri asosyasyon profesyonèl yo pou plis enfòmasyon-ou ka jwenn non ak adrès asosyasyon sa you nan repètwa pwochen sant pou karyè sila yo:
 - ◆ Manyèl ekspoze sou metye nan Massachusetts ("Massachusetts Occupational Outlook")
 - ◆ Repètwa sou pwofesyon moun diplome
 - ◆ Karyè ak fòmasyon sou tout branch medikal yo
- ✓ Vizite travay yo
- ✓ Eseye jwenn "pat taim" djòb nan branch ou a oubyen fè volontè

Chèche enfòmasyon sou plizyè metye

Sanble enfòmasyon ki pi ba yo sou chak metye ou ap chèche enfòmasyon

Metye:

1. Yon ti deskripsyon de metye a sa ou ap gen pou fè chak jou
2. Edikasyon /Antrenman ki nesèsè
3. Espesyalite/ Enterè ki nesèsè
4. Ak konbyen kòb li kòmanse, ki pi piti ak pi gwo kòb yo peye / ki benefis yo ofri
5. Lè nòmal pou ou al travay
6. Zouti / materyel ekipman w ap itilize
7. Atmosfè travay la
8. Ki pwomosyon ou ka pran
9. Metye ki sanble
10. Ki bò ou ka jwen plis enfòmasyon

Prepare Yon Rezime ki Djanm

Rechèch ke yo fè sou travay yo montre ke rezime ke yo pi pito e ki fè travay li pi byen se lè ou mete rezime an nan lòd. Men kèk konsèy pou ou prepare yon rezime ki djanm.

1. Kòmanse ak dènye djòb ou te genyen an epi fè bak epi mete plis plas pou dènye travay la.
2. Bay detay sou twa oubyen senk dènye pozisyon oubyen djòb yo sèlman. Kouvri dis denye ane yo konsa. Fè yon ti pale sou djòb anvan yo sèlman si yo sanble anpil a sa w ap aplike pou li a.
3. Itilize ane yo sèlman san ou pa espesifye mwa avèk jou ou pa bay plis detay lè w ap fè entèvyou a oubyen sou aplikasyon an.
4. Pa ekri menm detay yo nan plizye djòb.
5. nan chak pozisyon yo ou mete yo, mize sou sa ou fè ki te enpòtan responsablite w ki montre ke ou gin konpetans pou ou fè travay la Depi ou fin mete sa ou panse ki pi enpòtan yo, li pa vo lapen pou met sa ki pa fin twò enpòtan paske y ap otomatik pou manajè oubyen sipèvizè yo.
6. Toujou panse a pwochen djòb ou ta renmen genyen an
7. Pa met zafè lekòl nan pati eksperyans nan travay yo. Nòmalman koze lekòl ta fèt pou l nan komansman rezime a se yon rezime ki fèt nan senk dènye ane yo; si rezime a genyen plis ke senk an, pati edikasyon an ap pa anba (Sa a se pa yon lwa ke tout moun oblije swiv, men ou kapab deside oumenm si ou wè li pi bon pou ou mize sou eksperyans ou nan travay oubyen sou edikasyon w.)
8. Epi eseye wè si w ka fè longè a rive yon sèl paj.

Opinyon Bòs yo Genyen de Rezime

Kòman pou ou fè yon bon enpresyon pou premye kontak ou avèk yon moun

Moun kap li rezime a fèt pou l enterese nan ou depi li rive nan mwaye

- ◆ Si gen sa yo rele objektif la nan rezime a li fèt pou l senp epi pou l pale de yon djòb byen espesifik.
- ◆ Kalifikasyon w avèk sa ou pi bon ladan yo fèt pou yo ale anlè rezime a nan yon ti pati sou espesyalite w oubyen nan premye travay ou pale de li a.
- ◆ Tit ou nan travay yo ak konpayi yo fèt pou se bagay ki fasil pou yo wè.

Rezime fèt pou l prepare si pandan w ap panse a travay la

- ◆ Prepare rezime a daprè jan de travay w ap chèche a. travay yo pa menm, fòk rezime a ka montre kidiferans ki genyen nan travay yo epi kisa chak travay yo ap chèche.
- ◆ Kalifikasyon ke ou mete sou rezime w la fèt pou yo sanble ak sa yo mande pou yon moun genyen pou djòb sa ou bezwen an.

Sa ou reyalize deja fèt pou yo byen parèt

- ◆ Moun kap li rezime a fèt pou l wè fasilman kisa ou te reyalize lè l ap li pati ou prepare sou eksperyans travay ou ou. Pa anmède moun ki ap li rezime a avèk yon ekip detay ki pa enpòtan.
- ◆ Pa met kalifikasyon w yo nan paragaf ki twò long.

Rezime w fèt pou li parèt djanm

- ◆ Li dwe parèt pwòp e pwofesyonèl
- ◆ Li dwe gen anpil espas nan mitan paragaf yo, epi pa fèt pou genyen twòp enfòmasyon nan yon sèl paj la

Kisa manadjè yo ap chèche pou djòb la lè yo ap li yon rezime?

- ◆ Èske ou gen ase ane ak ase degre eksperyans
- ◆ Èske eksperyans nan ansyen travay ou yo sanble a travay ou vle kounyè a?
- ◆ Èske moun kap chèche travay la manke eksperyanske l ta dwe genyen deja.
- ◆ Èske moun kap chèche travay la gen ase konesans teknik.
- ◆ Èske moun ki aplike pou travay la gen ase kapasite pou l fèon sipèvizè, yon manadjè, oubyen yon lidè
- ◆ Èske gen yon dosye solid de bon bagay ki te reyalize
- ◆ Kijan moun sa ye pa rapò ak lòt moun ke n ap konsidere poumenm djòb la?

Mo Aksyon pou Rezime

Administre	Dirije	Repare
Konseye	Distribye	Kontwole
Analize	Prepare	Fè reklam
Rasanble	Korije	Siveye
Ede	Edike	Motive
Kalkile	Etabli	Negosye
Dokimante	Valè	Opere
Dirije	Egzamine	Oganize
Chanje	Egzekite	Fè lòt moun kwè
Kolabore	Eksplike	Prepare
Rasanble	Fè pi fasil	Prezante
Konplete	Okipe	Pwograme
Mennen	Ede	Pwopoze
Konstwi	Bay djòb	Pibliye
Konsilte	Idantifye	Anrejistre
Fè kontra	Aplike	Chèche travay
Koòdine	Fè pi bon	Revize
Kopye	Ogmante	Sèvi
Kreye	Enfliyanse	Sipèvize
Defini	Enfòme	Montre
Delege	Kòmanse	Sèvi ak
Demontre	Fè entèvyou	Ekri
Chwazi	Chèche konnen	

Mize sou sa Ou Reyalize Deja.

Rezime w ak aplikasyon w la fèt pou yo montre tout sa ou te fè ki enpòtan. Plan chak travay ak chak djòb ke w te genyen epi fè yon lis de twa bagay ki pi enpòtan ke ou te fè pou chak djòb. Pa bilye itilize mo aksyon yo lè w ap pale de sa w fè

1. Travay:
Sa w reyalize

Tit ou:

A.

B.

C.

2. Travay:
Sa w reyalize

Tit ou:

A.

B.

C.

3. Travay:
Sa w reyalize

Tit ou:

A.

B.

C.

Modèl Rezime

THOMAS B. JOHNSON
439 South Adams Street
W. Bridgewater, MA 02331
(508) 378-9999

OBJECTIVE:

Manager of Credit and Collections

1995 to 2000

EXPERIENCE:

H. P. Hood Inc., Boston, MA
CREDIT MANAGER

- * Managed a credit and collection portfolio of food service, distributor, military and other government related accounts comprising a regional sales volume of \$150,000,000 and over 2,000 accounts.
- * Contributed in reducing days sales outstanding by as much as eight days.
- * Coordinated, organized and implemented a new set of invoicing procedures with a major school system resulting in the reduction of total payment time by 45%.
- * Developed, designed and implemented vendor and bank credit inquiry letters.

Quinol Industries, Inc., Quincy, MA
CREDIT MANAGER

1992 to 1995

- * Managed an accounts receivable portfolio of petroleum distributors and home delivery dealers throughout New England totaling over 500 accounts and an annual sales volume of \$80,000,000.
- * Brought previous collection turns from 75 days to present average of 38 days, turning sales increase to cash in less than 40 days.
- * Planned, negotiated and secured a four way cross corporate guarantee from a well known high volume Massachusetts based petroleum dealer.

Emerson and Cummings, a division of W. R. Grace & Company, Norwood, MA
CREDIT and COLLECTIONS SUPERVISOR

1981 to 1992

- * Managed an accounts receivable portfolio of the company's Dielectric, Microwave and Flotation Divisions comprising an annual sales volume of \$30,000,000 in the electronics industry.
- * Hired, trained and supervised a staff of six full time employees and handled 6,000 to 10,000 diversified accounts.
- * Reduced bad debts by as much as 15% through an improved monitoring system and quicker inter-department pursuit.

EDUCATION:

Data Corporation, Boston MA
Introduction to MOS-DOS and Lotus 1-2-3

Northeastern University, Boston MA
B.S. in Management with Honors

Dun and Bradstreet, Inc., New York, NY
Certificate in Credit and Financial Analysis

**PROFESSIONAL
AFFILIATIONS:**

New England Association of Credit Executives, Inc, Arlington, MA

Dis Bagay pou Ou pa Janm Mete nan Rezime W*

Nou te pran infòmasyon sou plizyè gwo konpayi, konseye sou metye ak ajans travay pou n te ka wè kisa yo te panse ki erè ke yo wè pi souvan abitye wè yo. Men dis premye (dènye) erè yo

Twò long (longè ki pi bon an se yon paj)

Pa òganize- Enfòmasyon yo tou patou sou fèy la - Li difisil pou swiv yo

Pa byen tape oubyen prente -difisil pou li - pa sanble yon nan pakèt rezime yo rezime pwofesyonèl

Ekri twòp- long paragraf avèk fraz ki twò long- li pran w twòp tan pou ou di twò piti bagay

Twò chich - bay sèlman jis sa ki nesèsè yo tankou dat yo ak tit travay yo

Pa anvi jwenn bon rezilta - pa montre kisa ou te reyalize nan travay ou

Twòp bagay ki pa gen enpòtans - Ou pa bezwen mete otè, w konbyen w peze, si w se fanm oubyen gason, sante w, si w marye oubyen si ou pa marye

Mo ki mal ekri, mo ki mal tape, fot gramè - ou fèt pou oubyen reli rezime w anvan ou mete l sou papye epi voye l nan lapòs.

Ou fè twòp efò - Ekriti ki twò sofistike, kouvèti, foto ak papye ki gen bèbèl sou li ap lakòz distraksyon, fè l pa klè epi pa byen prezante

Move direksyon - moun ki ap bay travay la resevwa twòp rezime ke l pat menm te mande epi yo pa gen anyen pou yo wè avèk konpayi a - lèt la w ap voye ak rezime a ap fè yo pa mete rezime w la nan pil sa ki pa itil anyen yo.

* Tom Jackson, The Perfect Resume. Garden City, NY: Anchor Books, 1981, Paj 15

Rezime ki ba w valè: Mezire rezime w la

Sèvi a fòm sa a pou ou mezire rezime w la, oubyen pou ka fè zanmi w yo mezire rezime w la, ba rezime a pwen nan chak kategori yo tankou Trè Byen, Pasab, pa bon menm, ekri konsey pou ou ka fè l pi bon.

	Pwen			Konsèy pou l ka vin pi bon
	Trè byen	Pasab	Pa bon	
Èske rezime a pa gen fot (erè tape, mo mal ekri, oubyen mo ki pa nan plas yo)				
Èske fraz ki pale de bi a di sa w vle a san l pa manke pawòl?				
Èske gen mo ki make kantite pou ou ka montre enpòtans djòb la?				
Èske li montre ke sa w reyalize gen plis valè pase sa ou konn fè byen ak responsablite w?				
Èske rezime a klè, èske lap fasil pou yon lòt moun kalifye l?				
Èske ou retire enfòmasyon pèsònèl ki pa gen enpòtans yo?				
Èske li pa montre ke ou ap jije tèt ou?				
Èske pawòl yo klè e fasil pou moun konprann?				
Èske li montre moun kap bay travay la enterè l ap jwenn?				
Èske li fè moun kap li l la anvli li l?				
Èske li byen soti sou bon papye ki sanble yon bagay pwofesyonèl ?				
Èske jan l parèt la atire atansyon moun ?				
Èske pwen ki enpòtan yo parèt pi klè pase lòt yo ?				
Èske yo te konn fè nan travay ou te genyen deja yo ak nan ki jan de biznis yo ye parèt klè ?				
Èske ou kòmanse fraz yo avèk mo aksyon yo ?				
Èske li a pwen e li klè ?				
Èske li montre jan ou ka rezoud pwoblèm ?				

Konsèy pou Ou Ranpli Aplikasyon pou

- ✓ FÈ ATANSYON Si ou fè atansyon pou ou swiv direksyon yo ki sou aplikasyon an, bès ou kapab panse ke w fè atansyon lè ou ap fè travay ou tou.
- ✓ FÈ APLIKASYON AN PWÒP Ekri bagay yo klè pou yo ka li aplikasyon an fasilman. Sèvi ak yon plim ble oubyen nwa ki ekri klè.
- ✓ KWÈ NAN SA W AP FÈ Anvan ou kòmanse mete enfòmasyon nan plas vid ki sou aplikasyon yo, pran swen w pou ou li tout sa ki sou aplikasyon an. Kon w fin plen fòm nan reli l ankò pou ou ka wè si oubyen reponn tout keksyon yo.
- ✓ FÈ ATANSYON Si gen mo ki sou fòm nan ou pa konprann, mande moun ki ba w fòm nan pou l eksplike w yo.
- ✓ FÈ TOUT NÈT Reponn tout keksyon yo. Si gen yon keksyon ki pa konsène w, ekri “Mwen pa konsène”.
- ✓ BYEN EKRI YO Siveye jan w ekri pwen yo mete pwen yo avèk vigil yo.
- ✓ METE TOUT BAGAY Ekri tout sa ou konn fè byen. Menm jan an tou, ekri tout kalite konmpitè, si w konn pwograme sou konmpitè, machin, ekipman ak zouti ou konn manyen.
- ✓ BAY PRESIZYON Tout enfòmasyon ou bay yo fèt pou yo kòrèk. Tcheke ka dat travay yo limewo telefòn ak adrès yo kòrèk.
- ✓ PREPARE W Pote yon modèl aplikasyon avè w lè w al aplike pou yon travay. Lè w pare tout enfòmasyon yo anvan w ale, w ap ka plen aplikasyon an nèt epi ak prezizyon.

Lèt ki Mache a Rezime a

Lèt sa a prezante w ba moun ki ka vin sipèvizè w la epi fòk li toujou mache ak rezime a. Se premye bagay sipèvisè a fèt pou l wè epi li. Rezime a pa gen adrès moun nan kap li l la sou li; men lèt la dwe toujou gen adrès ak non yon moun byen espesifik sou li. Fè yon lèt inivèsèl pou ka jis fè kèk ti chanjman ladan l pou chak travay kote w ap voye l. Pa janm ekri yon fòm de lèt pou jis fè foto kopi e voye monte.

Fò lèt la kout epi fòk li enteresan epi djòb li se pou l fè yo li rezime a. Pa met menm bagay ki nan rezime a nan lèt la tou. Premye ven mo yo trè zenpòtan; yo fèt pou yo pran atansyon moun ki ap li l la.

Gen de kalite lèt ou ka ekri. Youn se repons pou yon reklam espesifik (lèt aplikasyon), epi lòt la se yon lèt ou voye konsa san w pat tande okenn nouvèl (lèt san reklam) yon lèt ou voye ba yon bòs ki pat konn si l ta pwal jwenn rezime w la. Sonje pou ou kenbe yon kopi de tout lèt ou voye ak sa ou resevwa yo tout pandan w ap chèche djòb la.

132 East Main Street
Cambridge, MA 02138
(617) 483-1234

Pat Murphy
C.O.A. Analogic
8 Centennial Drive
Peabody, MA 01960

Dear Pat Murphy,

I am writing in response to the Customer Service/Order Specialist position you advertised with the Department of Employment and Training. I have enclosed my resume for your consideration.

The position interests me for several reasons. My work experience and education have prepared me for this position. As you can see from the enclosed resume, I have had experience with Customer Service working for the Good Will Day Care Center. That experience prepared me to work with people. I also completed my schooling at Malden High. As you can also see from the resume, I can type approximately 45 words per minute.

I would appreciate the opportunity to discuss further my qualifications for this position. I will call your office next week to inquire about an interview.

Thank you very much for you time and your consideration.

Sincerely yours,
John Richards
John Richards

221 Poplar Street
Missoula, Montana, 59801

Mr. John P. Johnson, Vice President
Ajax Accounting Company
555 Tamarack Drive
Billings, Montana 59801

Dear Mr. Johnson,

First Paragraph. In your initial paragraph state the reason for the letter, the specific position or type of work for which you are applying and indicate from which resource (placement center, news media, friend, employment service) you learned of the opening.

Second Paragraph. Indicate why you are interested in the position, the company, its products or services — above all, what you can do for the employer. If you are a recent graduate, explain how your academic background makes you a qualified candidate for the position. If you had some practical work experience, point out the specific achievements or unique qualifications. Try not to repeat the same information the reader will find in the resume.

Third Paragraph. Refer the reader to the enclosed resume or application blank which summarizes your qualifications, training, experiences or whatever media you may be utilizing to present yourself.

Final Paragraph. In the closing paragraph, indicate your desire for a personal interview and your flexibility as to the time and place. Repeat your phone number in the letter and offer any assistance to help in a speedy response. Finally, close your letter with a statement or question which will encourage a response. For example, state that you will be in the city where the company is located on a certain date and would like to set up an interview. Or, state that you will call on a certain date to set up an interview. Or, ask if the company will be recruiting in your area, or if it desires additional information or references.

Sincerely yours,
Thomas L. Smith
Thomas L. Smith

Dis konsèy pou ou ekri yon bèl lèt

Lèt ki mache ak rezime a se yon zouti ki la pou l ede w montre valè w! - Li fèt pou l toujou a rezime w la, oubyen a aplikasyon w nan. Men kèk bon konsèy pou ou ekri yon lèt ki ka fè yon bon djòb.

- 1. Toujou mete enfòmasyon enpòtan yo**

Kòk non w, adrès ou ak limewo telefòn ou (mete areya kòd la tou) parèt klè sou chak lèt ou voye se premye bagay moun kap li l la chèche lè l bezwen eseye rantre an kontak avè w.
- 2. Fè l pèsònèl mete non a adrès yon moun byen espesifik nan konpayi an**

Kòmmanse epi fini avèk moun ki ap li l la. Si se nesèsè mande ki moun ou dwe kontakte. Yo pa li lèt ki kòmmanse pa “ba moun ki konsène a” ak “Chè Mesye / Madam” menm jan yo li lèt ou voye ba yon moun byen espesifik. Epi mete yon vigil dèyè non an. Sa fè l parèt pi pèsònèl
- 3. Ekri premye fraz la pou l atire atansyon**

Kan moun ap li lèt (espesyalman lèt biznis) yo pase l na n yon machin ki di yo sa l gen ladan Ba kiyès ou voye l? kisa w di nan premye fraz la ? kisa ou anvi fè ect ? Si premye fraz yo atire atansyon (tan - kou yo fè konnen ke ou se moun ki pi bon pou travay la, oubyen yo fè bès la konnen li gen enterè nan ou ect.) yap fè moun kap li l la kontinye li.
- 4. Voye chak lèt yo pou yon djòb oubyen ba yon konpayi byen espesifik**

Pa gen bagay tankou yon lèt ki bon pou tout pyès. Pa gen pyès djòb w ap aplike pou yo lòt . Montre kouman ou kalifye e ke ou gen sa yo bezwen an pou chak djòb yo . Pale de travay w ap aplike pou li a nan de twa premye fraz yo pou moun ki ap li l la konnen pou ki travay w ap aplike a (ou pa bezwen pale de kote ou te wè yo pale de travay la sa pa ajoute anyen nan lèt ou a)
- 5. Ekri sou sa w konn fè yo ki gen yon rapò a travay sa a**

Si w di ke ou te travay pou yon konpayi kote w te fè yon djòb , sa pa vle di ke moun ki a p li rezime a pwal fè yon koneksyon ant oumenm, travay ou te genyen anvan an ak travay sa a kounye a. Li toujou ede w pou ou kole eksperyans ou yo ak sa w fè byen yo ,epi mete sa w fè byen yo ansanm ak deskripsyon travay la.
- 6. Toujou tape e reli lèt la anvan ou voye l ale**

Lèt sa a bay yon enpresyon de ki moun ou ye. Li trè zenpòtan pou parèt pwofesyonèl epi pou ou pa fè erè. si w fè erè nan lèt la , sa ka fè yo pran w pou sa ou pa ye . Si lèt ou a pwòp e pwofesyonèl, yo ka panse ke ou pwòp e pwofesyonèl tou.
- 7. Pa met twòp koze, sèvi a mo aksyon yo pou ou pale de sa ou te fè deja**

Gen moun ki resevwa anpil lèt ak rezime chak jou donk yo vle aprann sa yo kapab de ou san yo pa li twòp bagay.
- 8. Kwè nan tèt ou, montre ou kreyatif e ke ou anvi travay la**

Apa de rezime a, lèt la ki mache avèk li a se pi bon jan pou ba tètou valè sou papye. Pèsonalite w kapap parèt sou lèt la menm jan a avantaj yo ka jwenn si yo ba ou djòb la.
- 9. Toujou kenbe yon kopi de tout lèt ou voye yo**

Kopi tout lèt ke w te voye deja yo ap rann ou chèche travay yo pi fasil epi ou ap toujou konn kiyès ou te kontakte deja pou ou ka rapousib travay ou te tcheke deja yo.
- 10. Toujou mande pou yo rele w pou ou vin fè entèvyou**

Lèt la se pou mande pou yo fè w entèvyou, donk mande pou yo rele w pou yon entèvyou.

Pouki sa Ou Dwe Gen Relasyon

Pale ak moun oubyen kontakte moun ou konnen pou ou ka jwenn nouvel sou travay yo se pi bon jan pou ou jwenn yon travay. Kòm pi fò nan nou jwenn travay akòz de yon lòt moun ke nou te konnen - moun nou te konnen deja tankou zanmi nou, ak fanmi nou, dòktè nou, dantis nou ak moun nou rankontre lè nou al achte ak lè n ap fonksyone nòmalman chak jou nan lavi nou. Lè n ap pale de relasyon nou vle pale de moun ke zanmi nou avèk fanmi nou yo konnen tou.

Èske ou te konnen ke se sèlman yon ti kantite tou piti de tout travay ki genyen yo mete nan journal?

Èske ou te konnen ke nan tout moun ki jwenn travay, se yon kantite tout piti de moun sa yo ki jwenn travay lè yo te reponn yon reklam nan yon journal?

Èske ou te konnen ke pi fò moun ki ap chèche travay al dèyè travay ke mete nan journal? Nan ka sa a, ou ap gen plis chans pou ou jwenn yon travay si ou tcheke a kontak pèsònèl l ou ki ka konnen kèk travay ke yo pat menm met sou journal.

Èske ou te konnen ke 60 % de moun ki ap chèche travay jwenn travay si yo jwenn zanmi yo, fanmi yo oubyen moun yo konnen te ede yo jwenn travay sa yo?

Donk plis moun ou fè konnen ke wap chèche yon travay, se pi bon l ap pi bon pou ou. Lè sa a yo ka ede w jwenn travay la pi vit.

Relasyon yon moun se yon jan ki trè bon pou yon moun jwenn travay. Pi ba a gen kèk jan ke moun itilize pi plis pou yo chèche travay epi ki jan moun sa yo jwenn bon rezilta. Itilize tout oubyen pran moso nan youn kole ak yon lòt pou ou jwenn yon jan ki pou fè w jwenn travay la pi rapid.

Pousantaj de moun ki ap chèche travay ki ilitlize jan sa yo

	Jan yo fè	Rezilta yo*
66.0%	Aplike dirèkteman nan biwo travay yo	47.7%
50.8	Mande zanmi enfòmasyon sou djòb lòt kote yo ap travay (Relasyon)	22.1
41.8	Mande zanmi w enfòmasyon sou djòb lòt kote (Relasyon)	11.9
28.4	Mande fanmi w enfòmasyon sou djòb lòt kote kote y ap travay (Relasyon)	19.3
27.3	Mande fanmi w enfòmasyon sou djòb lòt kote (Relasyon)	7.4
45.9	Reponn reklam nan journal	23.9
21.0	Ajans prive ki chèche travay pou moun	24.2
12.5	Biwo nan lekòl ki chèche travay	21.4
15.3	Tès sèvis sivil	12.5
10.4	Mande mèt oubyen pwofesè lekòl (Relasyon)	12.1
1.6	Mete reklam pa w nan journal	12.9
6.0	Biwo inyon ki bay travay	22.2

* Pousantaj yo jwen'n lè yo divize kantite moun'n kap chèche travay, ki jwen'n travay lè yo itilize metod la, pa kantite moun'n kap chèche travay ki eseye itilize metod sa avèk ou san siksè.

Sous: U. S. Depatman Travayè, Travay, ak Administrasyon Antrenman "Tips for Finding the Right Job" 1990 (revizyon)

Frape Pòt kap bon pou ou yo

Yon bon relasyon se yon moun ki ka:

- ◆ Ofri w yon djòb;
- ◆ Fè w konnen kote ki gen yon travay;
- ◆ Voye w ba yon moun ki ka fè w jwenn yon entèvyou oubyen li rezime w;
- ◆ Ba w non yon moun ki ka fè nenpòt nan sa nou ekri pi wo a;
- ◆ Ba w non yon moun ki ka ba w non yon lòt moun ki ka fè nenpòt nan sa n ekri pi wo a.

Sa a se depatman kote se moun ki pi orijinal la ak moun ki gen plis imajinasyon an ki ap gen plis siksè nan chèche travay. Li kapab vrèman yon chans pou ou wè a kisa ou ka parèt tou nèt e ki rezilta ou ka jwenn lè w ap chèche nouvo debouche. Ou fèt pou ou frape tout pòt ke w ka frape.

Konsidere kategori ki sou lis yo. Epi sou fèy kote w ekri relasyon w yo, ekri non omwen de moun nan chak kategori ki ka ede w chèche travay. N ap repete ankò ke moun sa yo pa bezwen se moun ki nan menm kòporasyon avè w oubyen moun ke w konnen anpil, men nou vle di, nenpòt moun ke w te rankontre ki pa ta gen pwoblèm pou yo ta pase w kèk enfòmasyon ki ka ede w.

Moun

Ekri non 100 moun ou konnen - chak moun sa yo konn lòt moun ki jan de moun ou dwe mete nan lis la:

Kòlèg pwofesyonèl
 Kondisip
 Ansyen bòs
 Ansyen moun ki te konn travay travay avè w
 Doktè
 Dantis
 Pastè oubyen sè
 Famasyon
 Kwafè
 Moun k ap travay labank
 Demachè
 Fèt
 PTA
 Bamann
 Polis
 Moun k ap vann asirans
 Estetisyèn
 Moun ki travay lekòl ou Sekretè
 Pwofesyonèl spòtmann
 Fanmi de lwen ak vwazen
 Moun k ap travay la pòs
 Moun ki ba w ponya manb nan fratènite
 Moun k ap travay sou kontra
 Enspèktè, kay
 Mèt ti boutik kote yo vann manje

Moun ki te fè w entèvyou nan yon konpayi kote yo pat ba w djòb la

Pami lòt moun m konnen – yo genyen moun ou lwe kay nan men yo, prezidan labank, manadjè magazen, oubyen nenpòt lòt moun a anpil lòt moun chak jou moun k ap sèvi popilasyon an kapab se bon sous de bon

Kote ak òganizasyon

gwo liv telefòn jòn nan
 konseye nan klib sosyal
 gouvènman lokal, leta ak federal.
 Sho kote anpil konpayi reyini gwoup volontè
 Kalandriye biznis
 Klib fanm
 Legliz - tanp
 klib lasante
 gwoup veteran
 konvansyon
 Ajans ki bay travay tanporè
 Ekriyen nan jounal pwofesyonèl
 Moun ki ekri son mò
 Sant ki bay travay nan zòn w rete a.
 Chanb komès
 klib sosyal
 YMCA / YWCA
 konvansyon ki fèt chak ane asosyasyon pwofesyonèl

gwoup ansyen elèv
 jounal lokal nan vil
 kote w abite oubyen kote w vle travay la reklam jounal pou djòb ki fèk parèt nan jounal konpayi a
 Depatman leta pou edikasyon Kliyan
 Dimanche ak mècredi yo
 Tablo anons nan kolèj
 biwo ki chèche travay pou moun nan kolèj
 ba ki pi pre konpayi kote w enterese travay la
 ba nan ayewopò

Pa jige pyès moun san w poko konnen yo..Kèlke swa estati yon, moun, li ka ede w jwenn yon debouche ki ka fè w jwenn djòb w ap chèche a.

Fè yon lis de Relasyon w yo

Ou ap remake ke ou konn anpil moun epi genyen nan yo ki ap travay oubyen yo te konn travay deja. Yo konnen de debouche djòb yo. An plis de sa, yo gen ide sou anpil lòt kalite travay ak konpayi e li ka enteresan pou ou tande de bagay sa yo. Yo ka pale sou kèk lòt debouche.

Kòm tout moun ki sou lis ou a ka ede w chèche travay, donk pa bliye mete non tout moun nèt. Pa ba tèt ou pwoblèm pou si lis la ta sanble l twò long. Ou pa janm ka jwenn twòp koud men.

Nan espas pi ba a, fin plen lis la a tout relasyon ou genyen nan moman an.

Non	Metye	Konpayi	Telefòn
Fanmi			
1.			
2.			
Ansyen Kòlèg, Bòs			
1.			
2.			
Moun ki tal lekòl avè w			
1.			
2.			
Moun ki te abite menm kay avè w			
1.			
2.			
Moun ou te kwaze nan fèt			
1.			
2.			
Vwazen			
1.			
2.			
Moun ou te voye kat ba yo lè fèt			
1.			
2.			
Lòt moun (Mèt kay kote w lwe a, manadjè magazen etc)			
1.			
2.			
Moun Legliz			
1.			

* (Si ou pa konnen metye, konpayi, oubyen limewo telefòn yon moun, mete non l nan lis la epi wa jwenn enfòmasyon an apre.)

Sèvi ak Telefòn Ou pou Ou Jwen'n Entèvyou Travay

	<p>“Alo, non mwen se” _____ (non mou'n kap rele a)”</p> <p>“Mwen ta renmen gen non moun'm ki responsab _____ (Depatman ke ou vle ya), tampri</p>
Mande pou yo konekte w Si yo mande w pou ki rezon ou rele, di se biznis...	<p>“Alo Mesye / Madam _____ (non moun ki an chèf departman an)” mwen rele...”</p>
Si se necesè, bay Non moun'n ki Baw konseye rele	<p>“Mesye / Madam _____ Smith te ban m kouseye'm rele w. Mwen enterese lan _____ (non pozisyon an)”</p>
Si w te gen yon moun ki te ba w limewo a bay non moun nan ki te di w rele a...	<p>“M ap reponn reklam nan (non jounal la, kote yo te mete anons la, bilten, ajans, travay) sou _____ (tit pozisyon an)”</p>
Si w te gen enfòmasyon sou djòb la, di kijan ou te tande pale de djòb la...	<p>“Mwen konprann ke w trè zokipe, men èske nou ka pran yon rande vou nenpòt lè ki pi bonè k ap bon pou ou ? “</p>
Si moun ki an tèt la prese epi li pa vle kontinye pale avè w...	<p>Mwen te travay _____ (pandan anpil ane) ajans travay mwen te genyen deja), kote mwen te _____ (sa w te konn fè nan lòt travay la ki gen rapò a sa w ap gen pou ou fè nan nouvo travay sa a si w jwenn ni)” oubyen “Mwen gen eksperyans nan _____ (travay aktivite ou te konn mennen nan travay ou). Mwen trè zenterese pou m fè yon karyè nan _____ (djòb ki sanble)”</p>
Si moun ki an tèt la an _____ (non bezwen plis enfòmasyon... Ba li pawòl ki gen pwa sou eksperyans nan ansyen travay ou antrenman ou te swiv, sa w konn fè byen...	
Jwen entèvyou a...	<p>“Mwen ta renmen pase ou entèvyou avè w lè ki pi pre kap pi bon pou ou a.”</p> <ul style="list-style-type: none"> • Asire w ke ou gen yon kalandriye pre w avèk kèk dat ki ka bon pou ou. • Pa mande direksyon. Rele moun ki ap reponn telefòn nan apre pou ou mande l direksyon.
Si w pran refi...	<p>Èske m ka vini pale avè w kan mèm, pou si ta vin gen yon lòt djòb kap ouvè pwochènman?</p> <ul style="list-style-type: none"> • Asire w ke ou gen yon kalandriye nan men w. • Pa mande direksyon. Rele apre pou ou mande moun ki ap reponn telefòn nan l direksyon.
Mande pou lòt debouche...	<p>“Èske ou ka di m kèk lòt kote m ka tcheke? A kiyès pou m pale?”</p>
Fini...	<p>“Mèsi pou tan w...”</p>

Konsèy Entèvyou

Eseye chèche konnen yon bagay sou konpayi an avèk / oubyen kisa yo fè anvan wal fè entèvyou a. (Rive anvan lè entèvyou a

- ✓ Abiye w an fòm
- ✓ Al pou kont ou
- ✓ Rive avan lè lan entèvyou a
- ✓ Sourì epi montre ke w janti a tout moun ou kwaze yo.
- ✓ Pran san w pou ou plen aplikasyon an
- ✓ Pa fimèn oubyen pa manje chiklèt
- ✓ Ale ak lisans metye w si se nesesè pou djòb la
- ✓ Ba moun ki ap fè w entèvyou a yon kopi rezime w ansanm ak lèt moun ki rekòmande w la.
- ✓ Pa bliye eksplike kisa w konn fè epi pou ou di jan sa w konn fè deja ap itil nan travay sa a.
- ✓ Kwè nan tèt ou, ba tèt ou valè, men pa montre ke w djòlè
- ✓ Reponn keksyon yo san manke moso men pa melanje pawòl ou yo.
- ✓ Toujou gade moun ki ap fè w entèvyou a nan jye.
- ✓ Pa pale de sante w.
- ✓ Fè atansyon pou ou pa montre ti manyè moun ki sou tansyon.
- ✓ Pa janm fè kòmantè de bagay ki pa bon sou travay ou te genyen anvan an.
- ✓ Pale de anvì ou anvì travay la ak enterese ou enterese nan konpayi a.
- ✓ Poze yon keksyon sou konpayi a menm pou ou ka demontre moun kap fè w entèvyou a jan w enterese.
- ✓ Mande pèmisyon pou ou rele yo apre pou ou ka konnen rezilta entèvyou w la.
- ✓ Nan fen entèvyou a, di moun ki te fè w entèvyou a mèsì pou tan sa a li te pase avè w la.

Estrateji sou Entèvyou ki Ba W Avantaj

Keksyon yo poze tout tan nan entèvyou

Pou ou gen siksè nan entèvyou pou travay, w ap bezwen antrene kijan yo fè entèvyou. Prepare w pou ou reponn yon pakèt keksyon. Li tap enposib pou nou mete tout kalite keksyon yo ka poze w nan yon entèvyou pou travay. Nou tap gen twòp chwa, keksyon sa yo ki pi ba a, non sèlman yo mande yo anpil, se yo menm ki pi difisil tou epi ke ka fè yon moun reflechi plis. yo ta sipoze ka ede w antrene pou ou prepare w pou entèvyou yo.

Sonje ke: Gen moun ki ka ap fè w entèvyou epi ki mande w keksyon yo pa ta sipoze mande w - keksyon prejidis. Byen ke ou pa ta sipoze reponn keksyon sa yo, ou ta dwe pare pou ou reponn yo kòm sa dwa.

Istwa w

Sa yo se jan de keksyon yo ka mande w sou lè ou te timoun ak sou istwa fanmi w.

ki gwo evenman ki te rive w lèw te timoun ki te gen pi gwo enpòtan nan la vi w? pou kisa ?

Ki valè enpòtan ou te resevwa lè

w te ti katkat?

Kisa ou konsidere ki te pi gwo bagay ou te fè pandan wap grandi epi pou kisa ?

Edikasyon

Ki rezon ou te genyen ki te fèw chwazi _____ kom metye nan kolèj?

kòm edikasyon ou te resevwa nan kolèj la te prepare w pou la vi w pou karyè ou ap mennen kounyè a ?

Ki pi gwo bagay ou te reyisi nan kolèj epi pou kisa ?

Ki kalite elèv ou te ye ? 5- kòmman ou panse ou te ka fè yon pi bon elèv ?

Ki klas ou te pi renmen ? Kiyès ou te pi pa renmen ? pou ki sa ?

Kisa ou te konn fè lè w pat gen anyen ou tap fè?

Kisa ou te konn fè lèw te nan lekòl la ki te montre kew se yon lidè? Ki rezilta ou te jwenn ki te montre ke w se yon lidè ki fè zafè l byen ?

Eksperyans nan travay

Kòmman ou te fè deside c chwazi _____ kòm karyè w? ki faktè ki te gen enfliyans sou desizyon sa a ?

Nan tout djòb ke w te genyen anvan yo kiyès ou te pi renmen? pou ki sa ?

Ki ansyen djòb ou te genyen ke w te pi pa renmen ? pou kisa ?

Ki evenman ansanm avèk ki faktè ki te lakòz ke w te kite _____ konpayi ?

Ki èd ki te pi enpòtan a pi gwo

bagay ou te reyalize nan djòb ou kòm _____ nan _____ konpayi ?

Kòmman ou ka konpare djòb ou kòm _____ nan _____ konpayi avèk djòb ou kòm _____ - nan _____ konpayi?

Kiyès nan djòb sa yo ou te pi renmen fè / ou te pi pa renmen fè ? pou ki sa ?

Si nou ta kontakte bòs ou gen kounyè a pou yon referans , kisa l tap gen pou l di sou ou ?

Kisa li tap di ki bagay ou bon ladan yo /Ki bagay ou bezwen vin pi bon ladan yo ? pou kisa ?

Kisa wap fè pou ou vin pi bon nan bagay sa yo ?

Kisa ou ka fè pou ou ka vin pi bon nan tout bagay wap fè nan travay ou ye kounyè a? Pou kisa?

Kisa ou pi renmen / ou pi pa renmen nan travay ou genyen kounyè a? Pou kisa?

Ki gwo pwojè nan travay ou ye kounyè a ke ou ap travay sou li, men ke yon moun nan pozisyon w pa oblije fè nòmalman?

14. Èske ou satisfè de jan karyè w mache jiska jounen jodi a? Kisa ou te ka fè pou ou fè bagay yo mache pi vit?

Èske ou fè zafè w byen?

Pale m de ou ?

Si lòt moun tap pale de ou, kisa yo t ap di de ou?

Kisa w fè byen /nan ki mòd bagay?

Kijan sipèvizè ou te genyen deja yo te konn pale de ou?

Ki pi gwo chanjman ak ki bagay ou vin konn fè pi byen lèw te nan dènye travay ou a? pou kisa bagay sa yo te enpòtan?

Ki lòt bagay an plis ou te ka fè pou te ka fonksyone pi byen nan tout bagay? Pou kisa ou pat fè bagay sa yo ?

Pale m de dènye fwa sipèvizèw te gade pou l wè kijan ou tap fonksyone?

Ki nòt yo te ba ou dènye fwa yo te tcheke jan ou tap fonksyone ? Pou kisa?

Ki pwojè ou genyen pou ou ka vin fè travay ou pi byen?

Nan travay ou, an plis de responsablite nòmal ou te genyen nan travay la, ki lòt pwojè ou t ap travay sou yo?

Kijan ou te fè antre nan lòt pwojè sa yo?

Se te ki rezilta ou te jwenn?

Nan karyè w pou jis jounen jodi a, kisa ou konsidere kòm pi gwo bagay ou reyalize? Pou kisa?

Lidè kòm Manadjè

Kijan ou ka pale de estil ou kòm yon manadjè? Pale tou de filozofw kòm yon manadjè

Ki jan, epi ki teknik ou itilize lè ou se manadjè lòt moun? Èske teknik sa yo mache byen?

Kijan travayè w yo ka pale de ou kòm yon manadjè.

pou ki bagay yo ta fè w konpliman? Nan ki bagay yo ta pi fasil di ke ou ta merite fè pwogrè kòm yon manadjè? Pou kisa?

Kisa ou wè ki devwa ki pi enpòtan yon

manadjè genyen? Pou kisa ?

Ki kote balans la ye ant lè pou manadjè a ba travayè yo kontwòl ansanm ak lè pou l kite yo travay pou kont yo ?

Kijan ou ka met travayè yo sou sa? Kijan de bagay ou ka fè ?

Ki sistèm ou itilize pou ou ka siveye epi kontwòle rezilta ou ta fèt pou ou jwenn nan depatman an?

Kòmman ou defann ou ak keksyon de jan travayè yo fonksyone? Ki mwayen ou itilize?

Pale de jan ou fè pou ou planifye kòm yon manadjè kòmman ou fè pou ou genyen yon plan ki ap ba w rezilta nan depatman w nan?

Kiyès ki patisipe nan jan ou planifye bagay nan depatman w nan? Nan ki manyè ou fè yo patisipe?

Bay yon nòt de en pou ou rive sou dis (dis se pi gwo nòt la), pou tèt ou kòm manadjè. Pou kisa? Kòmman ou ka fè tout sa ou konn fè byen kòm manadjè vin pi bon toujou?

Modèl: Kisa Ou Dwe Tcheke Apre yon Entèvyou

Non Konpayi yo:

Non Moun ki te Fè W Entèvyou yo:

Dat:

Premye Dat Ou te Rele Apre Entèvyou a:

Plen fòm sa a menm kote ou fin fè entèvyou a

Wi

Non

- | Plen fòm sa a menm kote ou fin fè entèvyou a | Wi | Non |
|--|--------------------------|--------------------------|
| 1. Èske ou te rive a lè? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 2. Ki rad ou te mete sou ou? _____ | | |
| 3. Èske ou te prezante tèt ou ba moun ki te fè w entèvyou a? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 4. Kisa ou konn fè ke ou te pale de yo lè ou tap fè entèvyou a? _____
_____ | | |
| 5. Èske ou te diskite sou rezime a ak moun ki te fè w entèvyou a? | | |
| 6. Èske moun ki te fè w entèvyou a te pale sou bagay pèsònèl ki te pase w? Si w te reponn wi, kisa? _____
_____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 7. Èske moun ki te fè w entèvyou a te fè kòmantè sou bagay ou konn fè byen yo? Si w te reponn wi, kisa? _____ | | |
| 8. Ki enpresyon jeneral moun ki te fè w entèvyou a te genyen de rezime w la? _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 9. Èske moun ki te fè w entèvyou a te pale de kèk pwoblèm pèsònèl ou ta genyen? Si ou reponn wi, de kisa l te diskite? _____ | | |
| 10. Èske ou te gade moun ki te fè w entèvyou a lè w tap pale avèl? | | |
| 11. Èske ou te fè l konnen kijan ou te fè aprann de konpayi an? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 12. Èske ou te di l jan ou anvi travay epi tou jan w enterese nan konpayi an? | | |
| 13. Si w te santi ke ou pa tap jwenn travay as ke w tal nan entèvyou pou li a, èske ou te mande pou lòt djòb anndan an? Se te ki djòb sa yo? _____
_____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 14. Èske ou te gen opòtinite pou yo te ba w travay "pad taim", oubyen tanporè? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 15. Si pa te genyen okenn opòtinite nan travay sa a, èske ou te mande moun ki te fè w entèvyou a si li pa te konnen kèk lòt konpayi ki ta ka gen kèk djòb yo ap bay? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 16. De kisa nou te pale plis? _____ | | |
| 17. Èske te gen kèk bagay ke moun ki tap fè w entèvyou a sanble ke l pat renmen? Si w reponn wi, se kisa? _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 18. Nan kisa l sanble l te enterese anpil? _____
_____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 19. Ki lè ou te di l ke ou tap rele l? _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

Mod Lèt apre yon Entèvyou

Lè ke w tcheke ak moun ki te fè w entèvyou a apre ou fin fè l, sa ka jwe yon wòl enpòtan pou ou jwenn travay la. Yon lèt pou ou di mèsi oubyen yon lèt pou ou di ke w te apresye entèvyou a kapab se yon pyon enpòtan pou ou jwenn travay la, - epi toujou pale de pozisyon ke ou te diskite sou li avè l la. Pi ba a w ap wè yon modèl lèt ke ou ka voye ale apre yon entèvyou.

Date

Company Name
Address

Dear Ms. Smith:

It was a pleasure to meet with you last Tuesday.

Our discussion about the qualifications for the Customer Service Representative position only served to convince me further that I am right for this job. The people and the environment at your company were so welcoming and friendly, I could imagine myself as part of your team. I hope you can, too.

Once again, thanks for your time and consideration. If you have any questions, feel free to call me at any time.

Sincerely,
John Richards

Kijan pou ou fè pou ou pa pèdi twòp tan

“Travay pi entelijan men pa pi di”

Itilize tan ou pase sou wout

Si ou pase inèd tan pa jou sèlman sou wout, sa vle di ke fòs tan ou pase sou wout la pa ane se plis ke valè sis semèn an plen nan travay. Eseye pase omwen ti moso nan tan sa a pou ou mennen aktivite ki enpòtan pou ou. Ou ka li oubyen travay nan otobis, nan tren oubyen si w ap pran woulib nan yon machin. Menm lè w ap kondi, ou ka reflechi sou yon pwoblèm oubyen yon pwojè enpòtan.

Fè yon Eskedil pou tan ou pa gen anyen w ap fè yo

Kòm w ap bezwen rechaje batri w, eskedil ou chak jou fèt pou l gen kèk ti brek - tankou yon ti tan kote ou pa panse a travay di, pou ou ka fè yon rilaks, degoudi janm ou, fè egzèsis pou ou respire byen, li yon jounal etc.

Abraam di sètase

Pi fò moun pa planifye ase, gen kèk moun ki planifye twòp Yo pito planifye tanpou yo pase a laksyon. Si ou panse ke w planifye twòp, mete yon limit nan tan ou genyen pou ou planifye.

Tan zan tan, tout moun gen yon bagay pou yo fè, men yo jis pa ka kòmanse. Kon sa kòmanse, fè yon efò pou yon sèl bon senk minit.

Eksperyans senk minit la

Vi pèsònèl ou kap benefisye de jan ke ou ap eseye reyalize rèv ou, sa ki enpòtan ou gen pou ou fè, avèk sa ki enpòtan ki gen pou ou fè. Panse a sa ki enpòtan pou ou la kay ou - plis tan avèk fanmi w ansanm ak zanmi w, aprann yon bagay tou nèt pou ou fè pou plezi - epi panse a sa jan ki pi bon pou ou fè pou ou ka rive reyalize rèv sa yo.

Kontwole tan ou pase nan kay la

Siman ou wè ke tan ou gen pou ou fè travay la depase tan ou ta bezwen pou ou fè travay la. Jan pou ou elimine tan pèdi sa yo, se pou ou gen tan egzakt pou ou fini travay sa yo. Si ou pa genyen tan pou ou fini, ba tèt ou yon lè.

Lwa Parkinson nan

Voye yon bagay ki pa fin twò fè w plezi pou yon lòt lè kap se bagay lè zòm fè nòmalman, men li vin tounen tankou se yon prensip si ou pa reziste l. Goumen pou ou pa janm voye sa ou ka fè jodi a pou demen oubyen yon lòt lè. Ou ka:

Pa voye anyen pou pi ta

- ◆ ba tèt ou lè pou ou fini yon bagay epi pran angajman
- ◆ panse a kisa w ap benefisye lè w fè sa ou genyen pou ou fè
- ◆ imajine move bagay mal ki ka rive w si w ap kite sa w gen pou ou fè jodi a pou demen
- ◆ renplase abitud kite sa w gen pou ou fè pou apre yo pa yon lòt abitud tankou fè sa ki pa fè w plezi yo anvan tout lòt bagay
- ◆ fè tèt ou konpliman lè w fin fè yon travay

Biw pou Semèn nan ansanm ak Plan Aktivite w

Mwa _____ 20 ____

Bi / Aktivite	Dat
<p>Premye Semèn</p>	
<p>Dezyèm Semèn</p>	
<p>Twazyèm Semèn</p>	
<p>Katriyèm Semèn</p>	
<p>Senkyèm Semèn</p> <p>Aprè ke ou fin deside kisa bi w ak aktivite w yo ye pou semèn nan, transfere yo nan kalandriye pou mwa a ki nan paj ki vin apre a.</p>	

Dosye de Sous Travay yo

Kiyès pou ou rele	Rezilta apèl yo
Non konpayi an:	Dat ou rele yo:
Adrès:	Nòt:
Limewo telefòn:	Dat/lè entèvyou yo
Moun pou ou wè:	oubyen aplikasyon yo:
Sa pou ou fè apre:	Dat:
Non konpayi an:	Dat ou rele yo:
Adrès:	Nòt:
Limewo telefòn:	Dat/lè entèvyou yo
Moun pou ou wè:	oubyen aplikasyon yo:
Sa pou ou fè apre:	Dat:
Non konpayi an:	Dat ou rele yo:
Adrès:	Nòt:
Limewo telefòn:	Dat/lè entèvyou yo
Moun pou ou wè:	oubyen aplikasyon yo:
Sa pou ou fè apre:	Dat:
Non konpayi an:	Dat ou rele yo:
Adrès:	Nòt:
Limewo telefòn:	Dat/lè entèvyou yo
Moun pou ou wè:	oubyen aplikasyon yo:
Sa pou ou fè apre:	Dat:

Fè kopi de paj sa a epi òganize epi tou toujou ajoute sous travay yo.

Nou genyen on pwogram ki ba tout moun menm fòs chans pou yo jwenn travay. Genyen lòt sèvis ak lòt jan ou ka jwenn èd si ou mande nou; èd sa yo se pou moun ki andikape. TDD/TTY 1/800/439-2370 – Pou ou pale avèk on moun, rele 1-800-439-0183